# «Жас китапқумар» таңлаўы және де ғалаба ен жаяды

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (53 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (53 KB)



2018-жыл 12-майда Ҳүрметли Президентимиз тәрепинен Уллы жазыўшы ҳәм ағартыўшыларымыздың бийбаҳа мийрасын, ибратлы турмыслық ҳәм социаллық дөретиўшилигин ҳәр тәреплеме терең үрениў ҳәм үгит-нәсиятлаў, жасларымызды өзликти аңлаў, миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қәдриятларға ҳүрмет руўхында тәрбиялаў, олардың арасында китапқумарлық мәдениятын кеңнен ғалаба ен жайдырыў мақсетинде «Уллы илимпазлардың, жазыўшы ҳәм ағартыўшыларымыздың дөретиўшилик мийрасын кеңнен үйрениў ҳәм оларды үгит-нәсиятлаў мақсетинде жаслар арасында китапқумарлық таңлаўларын шөлкемлестириў ҳаққында» ғы қарары қабыл етилди.



Қарарда Өзбекстан Баспасөз ҳәм хабар агентлиги, Өзбекстан жаслар аўқамы, Өзбекстан Республиккасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлиги, Халық билимлендириў министрлиги, Өзбекстан Жазыўшылар аўқамы, Республикалық Руўхыйлық ҳәм ағартыўшылық орайына белгиленген мүддетте «Жас китапқумар» таңлаўын өткериў тәртиби ҳаққындағы режени ислеп шығыў ҳәм оны белгиленген тәртипте тастыйықлаў ўазыйпасы тапсырылды.




Әҳмийетлиси, қарар менен усы жылғы таңлаўлар Ўатанымыздың тарийхы менен халқымыздың руўхый турмысында салмақлы орын

ийелейтуғын Әбу Райхан Беруний, Әбу Али ибн сино, Мырза Улығбек, Әлишер Наўайы, Заҳириддин Муҳаммед Бабур, Муҳаммед Риза Огаҳий, Бердақ Ғарғабай улы сыяқлы уллы ағартыўшыларымыз дөретиўшилиги, жәҳән әдебиятының ғәзийне шығармалары, сондай-ақ, «Алпамыс», «Ғөруғлы», «Кунтуғмиш» сыяқлы халық дәстанлары бойынша өткерилиўи ҳәм жеңимпазларды автомашина ҳәм басқа да баҳалы саўғалар менен сыйлықлаў белгиленген.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети

Sa'ne: 15.05.2018 11:56, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'